

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Kaparigelan basa dina kurikulum di sakola ngawengku opat kaparigelan, nya éta: (1) maca, (2) nyarita, (3) ngaregepkeun, jeung (4) nulis. Kaparigelan maca jeung ngaregepkeun disebut kaparigelan basa sacara réseptif atawa pasif, sedengkeun kaparigelan nyarita jeung nulis disebut kaparigelan basa sacara ékspésif atawa produkif (Dawson dina Tarigan, 2015, kc.1).

Salah sahiji kaparigelan anu kudu dikawasa ku siswa nya éta kaparigelan maca. Maca mangrupa hiji prosés anu dipigawé ku pamaca pikeun nyangking pesen anu ditepikeun ku panulis ngaliwatan média kecap atawa basa tinulis. Kaparigelan maca mangrupa kaparigelan anu kompléks, ngawengku runtuyan kaparigelan-kaparigelan anu leuwih leutik. Kuswari (2010, kc.75) nyebutkeun yén kamampuh maca bisa diklasifikasikeun kana sababaraha jenis, nya éta kamampuh maca pamahaman, kamampuh maca ngilo, sarta kamampuh maca téknis. Unggal jenis kamampuh maca diajarkeun di sakola dina unggal tingkatan. Salah sahiji pangajaran maca anu aya di kelas VIII SMP/MTs nya éta pangajaran maca pamahaman carita pondok.

Carita pondok mangrupa hiji wangun prosa naratif jeung fiktif anu padet sarta langsung kana tujuan. Kusabab padet, carpon kudu suksés ngandelkeun téknik-téknik sastra saperti tokoh, plot, téma, jeung basa sacara leuwih jembar dibandingkeun jeung fiksi lianna nu leuwih panjang. Numutkeun Isnendes (2010, kc.29) carita pondok mangrupa karangan tinulis fiksi atawa rékaan anu galur caritana rélatif basajan. Ieu hal lantaran kajadian caritana henteu réa, meuseur kana hiji kajadian tur palakuna ukur dua atawa tilu urang. Jejer jeung latar carita pondok nyampak dina kahirupan kiwari. Pangajaran maca carita pondok jadi salah sahiji matéri nu aya dina Kurikulum 2013 Revisi 2017 Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda kalawan Kompeténsi Dasar (KD) saperti ieu di handap.

**Dita Deviana, 2019**

**MODÉL PANGAJARAN GROUP INVESTIGATION PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### *3.7 Memahami dan mengidentifikasi struktur, unsur, dan aspek kebahasaan carita pondok.*

Dumasar kana Kompetensi Dasar anu geus disebutkeun di luhur, siswa diperedih pikeun maham sarta ngidentifikasi struktur, unsur, jeung aspék basa tina carita pondok. Anu mangrupa struktur tina carita pondok nya éta narasi jeung dialog. Unsur intrinsik tina carita pondok ngawengku téma, sudut pandang, galur carita, latar, jeung amanah. Aspék basa tina carita pondok nya éta gaya basa, kalimah langsung jeung teu langsung, sarta pikiran utama dina carita pondok. Sanajan geus aya katangtuan ngeunaan aspék-aspék anu kudu dikawasa dina pangajaran maca pamahaman carita pondok, tapi dina kanyataan di lapangan, loba siswa anu ngarasa teu bisa maham atawa ngawasa tilu aspék dina pangajaran maca carita pondok.

Dumasar hasil wawancara jeung sababaraha siswa di SMPN 19 Kota Bandung, anu dilaksanakeun ping 24 September 2018, salah sahijina nyebutkeun yén siswa ngarasa kurang bisa maham kana eusi bacaan dina basa Sunda, antukna pikeun maham struktur, unsur, jeung aspék basa dina carita pondok ogé siswa ngarasa teu bisa. Siswa ogé ngarasa kurang percaya diri nalika nepikeun sawangan ngeunaan hiji bacaan lantaran teu biasa maca bacaan basa Sunda, sarta geus jarang maké basa Sunda dina kahirupan sapopoéna, éta hal luyu jeung hasil panalungtikan Balai Bahasa Bandung anu nuduhkeun yén kulawarga di Bandung anu maké basa Sunda dina kahirupan sapopoé tinggal 43%. Panalungtikan dilakukeun ka 900 kulawarga (Herdiyana, 2013).

Kurang pahamna siswa kana kosa kecap basa Sunda tangtu mangaruhan kana pamahaman siswa ngeunaan eusi bacaan. Aya panalungtikan anu nyebutkeun yén kamampuh siswa kana ngawasa bahan bacaan ogé masih kénéh kurang, siswa ngan saukur mampuh ngawasa 30% eusi tina matéri bacaan (Wahyuni, 2010, kc.2).

Sanajan geus aya dadasar ngeunaan kamampuh anu kudu dicangking, tapi dina prosésna masih kénéh loba pasualan anu karandapan. Éta pasualan téh patali jeung sababaraha faktor, salah sahijina nya éta kurang luyuna modél pangajaran anu dipaké ku guru dina pangajaran maca pamahaman carita pondok, anu ngabalukarkeun siswa

kurang paham sarta teu bisa ngaidéntifikasi unsur, struktur, jeung aspék basa tina carita pondok.

Pikeun ngukulan éta pasualan, loba tarékah anu bisa dilaksanakeun, salah sahijina nya éta maké modél pangajaran anu bisa ngirut siswa pikeun diajar basa Sunda utamana dina pangajaran maca. Dina kanyataanana, euweuh modél pangajaran anu bisa dilarapkeun dina sagala kaayaan. Ku kituna, guru kudu bisa milih modél pangajaran anu luyu jeung pasualan anu aya.

Salah sahiji modél pangajaran anu bisa ngajadikeun siswa pikeun leuwih aktif jeung interaktif dina pangajaran maca nya éta modél pangajaran *Group Investigation* anu dipedar ku Joyce, spk. (2011, kc.299-324). Ieu modél pangajaran téh mangrupa strategi ngajar anu matalikeun antara matéri jeung kahirupan sosial anu bisa mantuan guru sangkan matéri anu ditepikeun ka siswa bisa kacangking sacara maksimal sarta bisa ngahontal tujuan tina pangajaran. Modél *Group Investigation* kaasup kana salah sahiji modél kooperatif atawa kelompok anu meredih siswa pikeun leuwih aktif dina ngaréngsékeun pasualan sacara kelompok.

Sacara teoritis, modél pangajaran *Group Investigation* miboga kaonjoyan dina hal ngaping sarta mantuan siswa sangkan bisa ngajéntrékeun jeung ngaréngsékeun pasualan, niténan sarta nyalusur rupa-rupa presféktif dina éta pasualan ngaliwatan diskusi babarengan jeung kelompokna sangkan bisa nyangking informasi atawa gagasan sarta ngawasa matéri pangajaran. Modél pangajaran *Group Investigation* ngahijikeun antara panalungtikan akademik, pangajaran, jeung prosés sosial (Joyce, spk, 2011, kc.322). Ku sabab kitu, éta hal bisa jadi solusi sangkan kamampuh siswa dina maca sarta maham carita pondok bisa ngaronjat.

Ngalarapkeun modél pangajaran *Group Investigation* dina pangajaran maca, miboga tujuan sangkan siswa bisa ngaidéntifikasi unsur struktur, jeung aspék basa dina carita pondok, maham kana eusi tina éta carita pondok, nyangking ajén-ajén anu nyampak dina carita pondok, sarta matalikeun éta hal kana kahirupan sosial masarakat.

Ku cara kitu, siswa bisa leuwih mekarkeun poténsi jeung pangaweruh anu aya sacara maksimal.

Aya sababaraha panalungtikan séjén ngeunaan modél pangajaran *Group Investigation*, di antarana ngeunaan *Modél Pangajaran Group Investigationn dina Pangajaran Nulis Sisindiran (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 7 SMA Negeri 3 Cimahi Taun Ajar 2017/2018)* anu dilaksanakeun ku Indah Oktavia Lestari (2018). Hasil tina éta panalungtikan bisa ngabuktikeun yén modél pangajaran *Group Investigation* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas XI MIPA 7 SMA Negeri 3 Cimahi Taun Ajar 2017/2018 dina nulis sisindiran.

Lian ti panalungtikan di luhur, aya ogé panalungtikan séjén anu judulna *Metode Pembelajaran Kooperatif Tipe Group Investigation untuk Meningkatkan Kemampuan Membaca (Mahārah Al-Qirā'ah) Siswa Kelas VIII MTSN Prambanan Klaten tahun ajaran 2012/2013* anu dilaksanakeun ku Muhammad Ali Hanafi (2013). Hasil éta panalungtikan nunjukeun ayana ronjatan kamampuh maca siswa kelas VIII MTSN Prambanan Klaten tahun ajaran 2012/2013 dina pangajaran basa Arab.

Dumasar kana hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, yén modél pangajaran *Group Investigation* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara jeung kamampuh maca. Ku sabab kitu, modél *Group Investigation* baris diuji naha bisa ngaronjatkeun kamampuh maca carita pondok atawa henteu. Anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu saacanna nya éta ngeunaan matéri ajar, jeung sumber data anu rék ditalungtik. Materi ajar dina ieu panalungtikan nya éta ngeunaan maca carita pondok, kamampuh anu rék dironjatkeun nya éta kamampuh maca pamahaman.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan ngeunaan “Modél Pangajaran *Group Investigation* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Pamahaman Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VIII G SMPN 19 Kota Bandung Taun Ajar 2018/2019)” kudu dilaksanakeun.

Dita Deviana, 2019

**MODÉL PANGAJARAN GROUP INVESTIGATION PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## 1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, aya sawatara hal anu bisa diidentifikasi pikeun ditalungtik, saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh siswa pikeun ngaidéntifikasi sarta maham kana unsur, struktur, jeung aspék basa dina carita pondok masih kénéh kurang. Anu mangrupa struktur tina carita pondok nya éta narasi jeung dialog. Unsur intrinsik tina carita pondok nu ngawengku téma, sudut pandang, galur carita, latar, jeung amanah. Aspék basa tina carita pondok nya éta gaya basa kalimah langsung jeung teu langsung, sarta pikiran utama dina carita pondok. Siswa ngarasa teu paham kana eusi tina carita pondok anu ngabalukarkeun siswa salah nangtukeun téma tina carita pondok, teu nyangking amanah tina carita pondok, atawa teu bisa nangtukeun pikiran utama tina carita pondok.
- 2) Modél pangajaran *Group Investigation* mangrupa model pangajaran kooperatif anu meredih siswa pikeun ngaréngsékeun pasualan sacara kelompok. Unggal kelompok dibéré pancén anu béda-béda pikeun dipaluruh sarta di diskusikeun jeung kelompokna.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII G SMPN 19 Kota Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*?
- 2) Kumaha kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII G SMPN 19 Kota Bandung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*?
- 3) Naha aya ngaronjatna kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII G SMPN 19 Kota Bandung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*?

Dita Deviana, 2019

**MODÉL PANGAJARAN GROUP INVESTIGATION PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 4) Naha aya béda anu signifikan dina kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII G SMPN 19 Kota Bandung antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Dumasar kana hal anu geus dipedar dina bagian kasang tukang, idéntifikasi masalah, jeung rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji modél pangajaran *Group Investigation* pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII G SMPN 19 Kota Bandung taun ajar 2018/2019.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII G SMPN 19 Kota Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*;
- 2) kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII G SMPN 19 Kota Bandung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*;
- 3) ningkatna kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII G SMPN 19 Kota Bandung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*; sarta
- 4) béda anu signifikan dina kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII G SMPN 19 Kota Bandung antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat anu dijembarkeun kana dua bagian, nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

### 1.4.1 Manfaat Tioritis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat tioritis, nya éta pikeun mekarkeun tiori modél pangajaran basa Sunda, hususna modél pikeun pangajaran maca pamahaman carita pondok.

### 1.4.2 Manfaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak, saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun siswa, bisa ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman carita pondok.
- 2) Pikeun guru, jadi alternatif dina pangajaran maca di sakola
- 3) Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh ngeunaan modél pangajaran anu bisa ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman siswa.
- 4) Pikeun mahasiswa, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun dadasar pikeun panalungtikan saterusna.

## 1.5 Raraga Tulisan

Sistematika tina ieu skripsi disusun jadi lima bab, anu baris diwincik saperti ieu di handap.

Bab I bubuka, eusina ngawengku kasang tukang tina ieu panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan tina panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat tina panalungtikan boh mangpaat sacara praktis atawa mangpaat tioritis, sarta raraga tulisan dina ieu skripsi.

Bab II ulikan pustaka, eusina mangrupa tiori-tiori ngeunaan modél pangajaran *Group Investigation* katut léngkah-léngkahna dina pangajaran maca pamahaman carita pondok, tiori ngeunaan maca, carita pondok, sarta ngeunaan maca pamahaman carita pondok. Dina bab II ogé dipedar ngeunaan raraga mikir, hipotésis tina ieu panalungtikan, sarta sagala hal anu aya patalina jeung bahan pangajaran maca pamahaman carita pondok.

Bab III métode panalungtikan, eusina ngawengku métode anu dipaké dina ieu panalungtikan, desain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, sarta téknik analisis data dina ieu panalungtikan.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina ngawengku pedaran ngeunaan kamampuh siswa dina maca pamahaman carita pondok saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*, kamampuh siswa dina maca pamahaman carita pondok sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*, ngaronjat henteuna kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*, ogé béda signifikan kamampuh siswa dina maca pamahaman carita pondok saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.

Bab V ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung saran, eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, sarta méré saran jeung